

PAGES LOCALES DES CARAÏBES

MESSAGE DE LA PRÉSIDENTENCE DE L'INTERRÉGION [MESAJ PREZIDANS ZÒN]

Tradisyon Familyal yo ki fòtifye nou

Eduardo Gavarret

Premier conseiller dans la présidence de l'interrégion
[Premyè Konseyè nan Prezidans Zòn Karayib la]



Eduardo Gavarret

Kèk mwa aprè nou te fin marye Norma ak mwen nou te ale viv nan zòn Asunción nan Paraguay. Tankou jèn yo ki ranpli ak enèji epi anpil rèv nou te avanse menm lè nou rankontre kèk moman difisil. Nou te kòmanse viv nan yon ti chanm, jiskaske nou te vin jwenn mwayen pou lwe yon ti kay pou nou ansanm ak premye pitit nou an. Ti kay sa te genyen yon espas ki te byen laj nan fon an epi yon jaden devan l. Nou te santi se tankou nou te vin mèt mond lan.

Nou kòmanse fè kote a vin bèl pandan nou plante plizyè pye bwa epi nou te fè yon vèje familyal. Nou te plante pye mango devan kay la, nou te pentire kòdon cloti a an blan.

Pat genyen kòb pou nou te pran yon bòs pent pou pentire kay la, se konsa nou toulède a te pentire kay la epi nou te pran swen l menm lè li pat pou nou. Kay la te toujou pwòp, epi byen òganize. Se te yon refij. Yon espas ki genyen lapè kote timoun nou yo te pase premye lane nan lavi yo.

Après nou kòmanse pentire kay la epi fè l bèl, vwazen nou yo te kòmanse fè menm jan an tou; nan yon ti tan tout zòn nan te genyen yon kòdon cloti ki pentire tou blan epi kay yo te pentire tou. Katye a te vin transfòmè.

Nan fim *Vyolonnis sou tèt kay la*, nou jwenn istwa Anatevka, yon ti vilaj imajinè nan Ikiranya kote jwif ak otodòks yo tap viv nan amoni. Nan ti

pwovens sa Tevye tap viv la, machann lèt la, ansanm ak madanm li Golde ak pitit fi li yo. Kòm sosyete a ak tradisyon yo tap chanje Tevye reyini pitit fi li yo epi li eksplike yo poukisa yo genyen tradisyon yo epi li te di yo:

“Li sanble bagay moun fou, pa vre? Men isit la nan kominote Anatevka nou an, chak nan noumenm se tankou yon vyolonnis sou tèt kay la ki eseye ekzekite yon melodi grav epi senp, san nou pa kase tèt nou. Li pa fasil, se pa vre? Petèt nou ka ap mande nou poukisa nou monte la a, si li danje anpil . . . ; ebyen si nou monte se paske Anatevka se lakay nou . . . Epi kijan nou rive fè ekilib? Mwen kapab di sa avèk yon mo: Tradisyon!

“Tradisyon se sa ki te pèmèt nou gade ekilib nou pandan anpil, anpil lane . . . San tout tradisyon sa yo, lavi nou tap tankou yon vyolonnis ki sou tèt kay la.

“Isit la nan Anatevka nou genyen tradisyon pou tout bagay, pou manje, pou abiye, pou dòmi . . . Epi nou ka mande asireman kijan tradisyon sa yo te kòmanse ?

“Ay mwen ka reponn sa byen fasil . . . mwen pa menm konnen kijan!

“Men yo se tradisyon epi gras ak tradisyon nou yo chak nan noumenm la a konnen kiyès li ye epi kisa Bondye ap atann de li”.¹

Antanke manm legliz la nou diferan ak tout rèv mond la aköz



konesans nou genyen de sa Bondye ap atann de noumenm.

Konesans sa ta dwe enspire nou pou avanse.

Mari a dwe reponn avèk bezwen fanmi an, li dwe yon bon travayè déjà nan Siyon “Pa genyen plas pou parese” (Doctrine et Alliances 42:42).

Nou wè pafwa, nan fason kilti mond lan, fi a ap travay epi gason an ap repoze oubyen li benefisye de travay li a; ke gason yo komande epi fi a obeyi ak sèvi li. Sa se pa kilti Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.

“Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te fè pèp mwen an vin travayè, e pou yo travay avèk men yo” (2 Nefi 5:17).

Dokiman “Fanmi, Yon Proklamasyon pou Mond la”² se tankou yon briz frèch yon aprè midi nan yon ete. Mari a ak madanm nan travay ansanm pou edifye yon fanmi pou Bondye.

Eldè Tom L. Perry te di:

“Pratik pou genyen tradisyon yo, ki se gwo patrimwan pou nou, dwe vin yon bagay ke tout fanmi dwe eseye kenbe vivan.

“Si nou mete tradisyon ki fò nan fanmi nou yo, limyè levanjil la pral briye toutan nan lavi timoun nou yo jenerasyon aprè jenerasyon. Nou pral tann avèk anpil dezi jou glorie sa kote nou tout pral ansanm tankou inite famiyal etènèl yo pou resevwa lajwa ki pap janm fini an ke Papa nou ki nan syèl te promèt ak pitit jis Li yo.

“Aktivite nou yo ak tradisyon famiyal yo kapab vin yon fa pou rès moun nan mond lan, tankou yon ekzanp kijan pou viv pou w ka merite benediksyon Li yo epi genyen lapè ak amoni pou rive jis jou Li retounen an pou gouvènè ak renye sou noumenm”.³

Tradisyon yo, antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, ede nou pou konsantre nou sou sa ki genyen valè epi pou nou rejte lòt tradisyon yo ki diferan ak prensip levanjil la.

Kèk nan tradisyon sa yo se:

- Mete nou ajenou chak jou pou fè lapriyè famiyal
- Etidye ansanm ekriti yo
- Respekte jou saba a, konpòte nou korèkteman epi fè aktivite ki genyen rapò ak jou Senyè a
- Vini nan reyinyon sentsèn, epi pran Sentsèn nan
- Fè sware famiyal
- Jene chak mwa epi peye dim nou ak ofrann yo pou Senyè a.
- Ale nan Tanp lan epi fè Istwa famiyal.

Lòt tradisyon yo kap ede nou tou pou rete lwen mond lan epi fòtifye fanmi nou ak anrichi lavi nou se:





- Genyen yon vèje familyal
- Chèche sa ki pi bon pandan nap amelyore edikasyon nou.

Pandan nap mete tradisyon sa yo sou pye chak fanmi dwe ajoute konsèy familyal, ki konpoze ak tout manm li yo pou ansenye timoun yo responsabilite ki nan baz yo nan òganizasyon familyal la kote nan fason sa yo kapab aprann kijan pou pran desizyon epi aji annakò avèk yo.

Koup ki pa genyen timoun yo oubyen sa yo ki ap viv pou kont yo pa ekzante nan devwa sa. Chak moun nan limenm se yon “fanmi” epi tradisyon sa yo pral ede li pou rete konsantre sou sa ki enpòtan ak esansyèl.

Nou dwe travay pou bagay sa yo ke nou espere genyen. Se ak sa ke prezidan Joseph F. Smith te refere l, li te aprann pou fè travay yon granmoun depi nan yon laj ki piti epi li te kite etik travay li a pou pitit li yo.

Li te di yo: “Moun yo an general mouri nan kabann; epi se menm bagay la ki rive avèk aspirasyon nou yo”⁴. Avèk prensip sa nan lespri yo, li menm ak madanm li te eseye pou timoun yo te leve bonè nan maten epi yo te fè pati pa yo pou kenbe kay la pwòp epi òganize.

Prezidan Smith te ede tou avèk travay nan kay yo. Lè limenm ak madanm li an Louie te fèk marye, li te travay nan konstriksyon premye kay li a epi li aprann fè pi fò nan reparasyon ki genyen nan kay yo. Li te ede fè manje tou, epi li kontribye pou rekolte fwi ki mi yo epi pou kenbe yo fre nan bokal.

Ke lafwa nou nan Senyè a Jezikri kapab parèt òganize lè nou pratike tradisyon sa yo ki fè pati levanjil li a ki pral anbeli lavi nou ak pote limyè ki pou klere chemen nou vè Limenm epi se konsa pa sèlman pandan fen jounen an, men menm lè nap mache

sou wout nou an nou kapab eksprime: “Epi, se te konsa, nou te viv nan bonè” (2 Nefi 5:27). ■

REFERANS

1. Joseph Stein, Jerry Bock, Sheldon Harnick, *Fiddler on the Roof* [Vyolonnis sou tèt kay la] (1964), 2-3.
2. See “The Family: A Proclamation to the World” [“Fanmi, Yon Proklamasyon pou Mond la”], *Liahona*, Nov. 2010, 129.
3. L. Tom Perry, “Family Traditions” [“tradisyon familyal”], *Ensign*, May 1990, 20.
4. *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Fielding Smith* [2013], 288.

SITES INTERNET INTERRÉGIONAUX [SIT ZÒN]

Êtes-vous prêt à partager l'Évangile?
Par Elder Jose L. Alonso du Collège des soixante-dix

DES ARTICLES LOCAUX

Eske nou prè pou pataje levanjil la? (Créole haïtien)
Pa Eldè Jose L. Alonso nan Swasnanldis lan
2 juillet 2019

Plan de la Région Caraïbes 2019
Inviter chacun à approfondir sa conversion au Père Céleste et à son Is Jésus-Christ et à renforcer sa foi en eux.
26 décembre 2018

LES ÉVÉNEMENTS À VENIR

#Mwen Menm Tou Mwen Endekse (Kreyòl Ayisyen)
30 juin 2019

Musique pour une soirée d'été de la chorale du Tabernacle 2019: Concert du jour des pionniers
19 juillet 2019

Portes Ouvertes et Dédicace de Temple de Port-au-Prince, Haïti
1 septembre 2019

Conférence générale d'octobre 2019
5 octobre 2019

SAVOIR D'AVANTAGE
Demandez un exemplaire gratuit du Livre de Mormon

CARAÏBES [Français] : caraibes.lds.org

CARIBE [Espagnol] : caribe.lds.org

CARIBBEAN [Anglais] : caribbean.lds.org

PUERTO RICO : www.prensamormona.org.pr

DOMINICAN REPUBLIC: www.prensamormona.do

JAMAICA: www.mormonnewsroom.org.jm

APPEL À ARTICLES

Votre section des pages locales est produite par les membres de votre propre interrégion sous la direction de la Présidence de l'interrégion afin de présenter les besoins et les expériences des membres où vous vivez. Nous aimerions partager VOTRE histoire et vous inviter à contribuer avec vos pensées et expériences édifiantes en contactant votre rédacteur en chef local par l'intermédiaire du site Web de l'interrégion d'Afrique du Sud-est africase.lds.org ou par email à l'adresse :

**gutierrezgr@
ChurchofJesusChrist.org ■**

PAGES LOCALES DU PACIFIQUE

MESSAGES DES DIACONATS DE L'INTERRÉGION
Elever la génération montante
Jose L. Alonso

Il est maintenant possible d'être un bon père et un bon père. Les diacons de l'interrégion ont travaillé ensemble pour offrir aux membres de la région de nouvelles idées et conseils. Ils ont travaillé ensemble pour offrir aux membres de la région de nouvelles idées et conseils. Ils ont travaillé ensemble pour offrir aux membres de la région de nouvelles idées et conseils.